

NOUYÒKÈ VO PLIS PASE ESKÒ KREDI YO.

NYC te fèk pase entèdiksyon ki pi sevè nan nasyon an sou tchèk kredi pou bay travay. An nou grandi biznis ak mendèv New York avèk onètete ak opòtinite egalego pou tout moun.

■ ENFÒMASYON POU PATWON YO

NYCCHR se yon resous pou ede ou kore biznis ou, pou devni yon patwon ki pi ekitab, epi ki konfòme pratik travay ou pou respekte Lwa Nouyòk sou Dwa Moun (NYC Human Rights Law, "NYCHRL"). Dokiman sa a bay enfòmasyon sou yon chanjman enpòtan nan lwa sa a ki afekte metòd ou sèvi pou aplikasyon pou travay la fèt, ak fason ou pran lòt desizyon konsènan travay la.

Apati 3 septanm 2015, NYCHRL pral anpeche patwon yo kesyone anplwaye ak moun ki aplike pou djòb sou istwa kredi yo, fè yon tchèk kredi sou yo, itilize istwa kredi yo pou deside si pou yo anboche yon moun, revoke li, oswa ba li pwomosyon.

Istwa kredi montre nivo responsabilite kredi ou, ki kantite kredi ou ka genyen ak fason ou te peye dèt ou. Li gen ladan tou, kont kredi, dèt kreyansye elimine, dèt ki nan rekouvreman, fayit, desizyon tribinal ak pwopriete yo sezi toutotan ou dwe sou yo . Dèt kat kredi, obligasyon pou peye sipò timoun, prè etidyan, ak sezi-ipotèk sou kay, se kèk egzanp istwa kredi. **Patwon yo pa kapab itilize istwa kredi pou yo deside si pou yo anboche yon moun, revoke li, oswa ba li pwomosyon.**

Menmsi yon tchèk kredi te fè pati aplikasyon ou lontan, pratik sa yo vyole NYCHRL kounye a. Gen entèdiksyon kont dokiman aplikasyon ki egzije moun yo bay otorizasyon pou yon tchèk kredi oswa pou yon tchèk dosye kriminèl. Men, lwa a pa anpeche ou fè rechèch sou fòmasyon ak eksperyans anplwaye a, ni evalye rezime ak referans yo, ni fè rechèch sou entènèt (pa egzanp, Google and LinkedIn).

■ Èske biznis mwen anba NYCHRL?

Wi, si ou gen omwens kat (4) anplwaye (mèt travay la ladann). Kat (4) anplwaye sa yo pa oblige travay nan menm kote a; tout pa oblige travay nan vil Nouyòk non plis.

■ Èske tout anplwaye mwen ak anplwaye potansyèl anba NYCHRL?

Nan pifò ka yo, wi. Anpil moun gen dwa anba NYCHRL, menmsi yo pa anplwaye a tan plen, tankou estajyè, travayè san papye imigrasyon, domestik, pifò antreprenè endepandan, anplwaye a esè ak anplwaye a tan pasyèl.

Gen sèlman kèk pòs travay kote ou gen pèmisyon pou poze kesyon sou istwa kredi, pou fè tchèk kredi, epitou pou itilize istwa kredi a nan yon desizyon w ap pran pou bay travay. Men kèk pòs travay sa yo:

- Ofisyel lapolis ak ofisyel pou lapè (pa ajan sekirite prive); epi
- Djòb nan nivo egzekitif ki gen kontwòl sou finans, sekirite òdinatè, oswa sekrè komèsyal.

Lwa sa a pwoteje ou menmsi w ap anboche moun pou pòs travay tankou kesye labank, kesye, demenajè, travayè konstriksyon, vandè, anplwaye biwo ak anplwaye administratif, epi travayè restoran ak travayè kafe/bar.

■ Ki pi bon fason pou respekte lwa sa a?

Depi patwon yo pa poze anplwaye yo oswa anplwaye potansyel yo kesyon sou kredi yo, depi yo pa fè tchèk kredi sou yo, epitou depi yo pa sèvi ak istwa kredi moun yo nan desizyon y ap pran pou bay moun yo travay, Patwon yo kapab evite risk reskonsabilite legal.

Si ou kwè yon pòs travay nan biznis ou egzante nan SCDEA, kontakte yon avoka ki byen konnen nouvo lwa a anvan ou riske ekspoze tèt ou devan lalwa. Menmsi biznis ou egzante kòrèkteman nan lwa a, ou ta dwe fè moun ki aplike yo ak anplwaye yo konnen egzanpsyon ki anvige a, epitou ou ta dwe konsève yon dosye sou itilizasyon egzanpsyon biznis ou.

Pou ede konpayi ou reponn lè Komisyon an mande enfòmasyon, ou ta dwe konsève dosye ou yo pandan senkan epitou dosye ou yo ta dwe genyen:

1. Egzanpsyon ou reklame a;
2. Pou kisa egzanpsyon ou reklame a kouvri pòs travay ki egzante a;
3. Non moun ki aplike a oswa anplwaye ou te konsidere pou egzanpsyon an ansanm ak enfòmasyon pou kontakte li;
4. Reskonsablite nan pòs travay ki egzante a;
5. Kalifikasyon ki nesesè pou pòs travay ki egzante a;
6. Yon kopi istwa kredi moun ki aplike a oswa anplwaye a ke ou te jwenn apre ou te reklame egzanpsyon an;
7. Fason ou te jwenn istwa kredi a; epi
8. Fason istwa kredi a te lakòz desizyon ou te pran pou bay oswa pa bay travay la.

Patwon yo ka oblige divilge dosye yo ba Komisyon an lè yo mande I. Repons san pèdi tan pou demann Komisyon an ka ede ou evite yon ankèt Komisyon an kapab fè sou pratik ou yo.

■ Ki sanksyon ki genyen pou vyolasyon lalwa?

Patwon ki vyole NYCHRL ka gen pou peye salè ki pèdi ak lòt dedomajman bay anplwaye ki afekte yo epitou patwon sa yo ka anba sanksyon sivil ki ka rive apeprè \$125,000 dola. Si patwon yo fè espre pou vyole lwa a, sa ka lakòz yo anba sanksyon sivil ki ka rive jiska \$250,000 dola.

W ap jwenn lòt konsèy ak enfòmasyon sou fòmasyon gratis sou fason pou konfòme ou avèk lwa a sou sit entènèt nyc.gov/humanrights.